



COVID-19

Netwayaj ak Dezenfeksyon

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov/COVID-19

NETWAYAJ konsène retire jèm ak pousyè sou sifas yo. **Netwayaj pa touye jèm**, men li retire yo, epi li diminye kantite jèm yo, ak risk pou yo pwopaje enfeksyon.

DEZENFEKSYON siyifi itilizasyon pwodui chimik pou touye jèm. Pwosesis sa a pa nesèsman netwaye sifas sal yo ni retire jèm yo, men li touye jèm ki sou yon sifas apre netwayaj, sa ki ka bese plis risk pou pwopagasyon enfeksyon.

SIFAS ANPIL MOUN MANYEN YO: Moun, biznis yo, ak etablisman swen ak sante yo dwe netwaye souvan sifas “anpil moun manyen yo” tankou tab, manch pòt, switch limyè, manch, biwo, twalèt, wobinèt, lavabo, elatriye, avèk dezenfektan ki anrejistre nan EPA, ki san danje pou sifas yo. Toujou suiv esplikasyon ki sou etikèt la.



Netwaye ak Dezenfekte

SIFAS YO

- Lè w ap netwaye ak dezenfekte sifas yo, mete gan jetab. Ou dwe jete gan yo apre chak netwayaj. Si ou prefere gan ki ka resèvi, rezève yon pè ou pral itilize pou netwayaj COVID-19 sèlman. Lave men ou touswit apre ou fin retire gan yo.
- Si sifas yo sal, itilize yon detèjan oswa savon epi dlo pou netwaye anvan ou dezenfekte yo.
- Pou pwosedi dezenfeksyon an, solisyon klowòks delye, solisyon alkòl ki gen omwen 70% alkòl, ak dezenfektan pou kay pi kouran yo ki anrejistre nan EPA ta dwe efikas.
- Ou ka itilize solisyon klowòks delye pou kay si li san danje pou sifas yo. Suiv esplikasyon ki sou etikèt la konsènan fason pou mete li ak sikilasyon lè. Verifye ke pwodui a pa depase dat ekspirasyon li.
- Pa janm melanje klowòks pou kay avèk amonyak oswa nenpòt lòt pwodui netwayaj. Klowòks pou kay ki pa ekspire ap efikas kont viris kowona a lè li delye kòrèkteman.
- Pou sifas mou oubyen absòban—kapèt, tapi ak rido—netwaye kontaminasyon ou wè aklè yo, epi apre sa dezenfekte avèk pwodui netwayaj ki san danje pou sifas yo.


RAD, SÈVYÈT, DRA AK LÒT ATIK KI ALE NAN LESIV

- Mete gan jetab lè w ap manyen lesiv sal yon moun ki malad. Jete gan yo apre chak itilizasyon. Si ou prefere gan ki ka resèvi, rezève yon pè ou pral itilize sèlman pou manyen lesiv ki ka gen tras COVID-19. Lave men ou touswit apre ou fin retire gan yo.
- Asire ou lave men ou annapre si ou pa te mete gan lè w ap manyen lesiv.
- Pa souke lesiv sal yo. Sa ap diminye nèt posiblite pou gaye viris nan lè a.
- Pou lave atik yo, itilize reglaj dlo pi cho ki posib la epi seche atik yo nèt. Suiv esplikasyon ki sou etikèt la.

Netwaye telefòn selilè ou ak laptop ou plizyè fwa pa jou

Sèvi ak ti tanpon mouye espesyal ki gen 70% alkòl pou netwaye ekran ak lantiy yo—yo p ap grave sifas yo. Spre pwodui netwayaj pou linèt ki gen 70% alkòl ap bon tou.

- Lesiv sal yon moun ki malad kapab lave avèk atik lòt moun.
- Netwaye ak dezenfekte panye lesiv yo. Anvizaje double panye yo avèk doubli sak jetab oswa doubli ki kapab lave.



Sèvi ak Pwodui ki Anrejistre nan EPA ki Konbat COVID-19

Yo ka komèsyalize ak vann chak pwodui sou divès kalite non. Si w ap chèche enfòmasyon anplis sou yon pwodui, gade nan Nimewo Anrejistreman EPA (EPA Reg. No.) ke ou jwenn sou etikèt pwodui a, se pa non mak komèsyal la.



Ale nan tinyurl.com/tmo4xgf oswa eskane kòd la pou jwenn yon lis pwodui netwayaj ak dezenfektan ki anrejistre nan EPA pou etablisman swen medikal, biznis ak kay yo.